

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan panalungtikan anu digunakeun nyaéta pamarekan kuantitatif, sabab dina prosés manggihan pangaweruhna ngagunakeun data mangrupa angka jeung alat nganalisisna ngagunakeun statistika. Dumasar kana pamarekan, métode anu digunakeun nyaéta métode kuasi ékspérimén lantaran hayang nguji luyu henteuna modél *Cooperative Script* pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis pangalaman pribadi.

Dumasar kana métodena, désain panalungtikan mangrupa prosés nu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah dina panalungtikan. Nurutkeun Nazir (2013, kc. 84) désain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngararancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan.

Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *One-Group Pretest-Posttest Desain*. Dina ieu désain panalungtikan, tés dilakukeun dua kali nyaéta saméméh ékspérimén disebut *pre-test*, jeung sabada ékspérimén disebut *post-test*. Ku kituna, hasil panalungtikan bisa leuwih akurat, lantaran bisa ngabandingkeun jeung kaayaan saacan dibéré perlakuan. Ieu dihandap gambaran ngeunaan *One-Group Pretest-Posttest Desain*:

$$O_1 \quad X \quad O_2$$

(Sugiyono, 2017, kc. 75)

Keterangan:

O_1 = kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

X = Pembelajaran nulis pangalaman pribadi ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

O_2 = kamampuh nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta sakabéh subjék anu ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2018/2019, anu jumlahna 32 siswa ngawengku 14 lalaki jeung 18 awéwé.

Sumber data didéskripsikeun tabél saperti ieu di handap.

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VII B	14	18	32

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta lembaran tés kalayan ngagunakeun téhnik tés tulis. Luyu jeung tiori Sugiyono (2017, kc. 102) yén instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh kajadian alam boh kajadian sosial nu ditiénan. Éta kajadian sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Ieu tés digunakeun pikeun ngetés kamampuh awal siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh digunakeun modél *Cooperative Script*, jeung ngetés kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi sabada digunakeun modél *Cooperative Script*. Tés anu digunakeun mangrupa tés tulis nu mangrupa paréntah nyieun karangan pangalaman pribadi kalayan téma bébas.

Ieu di handap mangrupa instrumén nu digunakeun dina panalungtikan nalika kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

Soal Nulis Pangalaman Pribadi

Sakola : SMP Kartika XIX-2 Bandung

Mata Pelajaran : Basa Sunda

Kelas : VII B

Di handap ieu aya sababaraha jenis pangalaman pribadi, bisa jadi éta pangalaman pribadi téh kungsi karandapan ku hidep. Pék pilih salasahiji téma nu luyu jeung pangalaman pribadi hidep sarta nu kungsi karandapan. Kahadé perhatikeun eusi, éjahan, kosa kecap, jeung diksi, ogé struktur panulisan kudu bener jeung merenah.

Jenis Pangalaman:

- a. Pangalaman anu pikaseurieun
- b. Pangalaman pikabungaheun
- c. Pangalaman pikasediheun
- d. Pangalaman pikanyerieun
- e. Pangalaman anéh
- f. Pangalaman nu ngérakeun

Lembar tést nu dipaké dina ieu panalungtikan

Jawaban

No. absen :

Kelas :

Wasta :

.....

.....

.....

.....

.....

.....


Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ditétélakeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun di handap.

1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, diayakeun wawancara ka guru basa Sunda SMP Kartika XIX-2 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan anu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar nulis pangalaman pribadi hususna di kelas VII B luyu jeung kurikulum anu dipaké.

2) Ngarumuskeun Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, tuluy éta masalah téh dirumuskeun pasualan anu karandapan ku kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung.

3) Raraga Tiori

Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Ngarumuskeun Hipotésis
- 5) Nyieun Instrumén Panalungtikan
- 6) Ngumpulkeun Data (kamampuh saméméh, *treatment*, kamampuh sabada)

Sabada kapanggih masalah anu aya di SMP Kartika XIX-2 Bandung kelas VII B taun ajar 2018/2019, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*. Kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Cooperative Script*, ari kamampuh sabada dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

- 7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.

- 8) Nyieun Kacindekan

Kacindekan miboga eusi tina sakabéh rumusan masalah jeung data anu kakumpul.

- 9) Nyusun Laporan

- 10) Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi. Ieu hal luyu jeung pamendak Arikunto (2014, kc. 193) yén tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan,

Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangaweruh intelegénsi, kamampuh siswa atawa bakat nu dipigoba ku hiji individu atawa kelompok.

Tés dilaksanakeunna dua kali, nyaéta kamampuh saméméh (tés awal) pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél *cooperative script*, jeung kamampuh sabada (tés ahir) pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun modél. Kamampuh saméméh (tés awal) dilaksanakeunna saméméh perlakuan (*treatment*), tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Cooperative Script*. Ari kamampuh sabada (tés ahir) dilaksanakeunna sabada perlakuan (*treatment*), tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script* dina kagiatan diajar ngajar. Ngaronjat henteuna kamampuh siswa bisa ditempo ku cara ngabandingkeun hasil kamampuh saméméh jeung hasil kamampuh sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta kagiatan ngolah data tina hasil panalungtikan. Tujuanna pikeun mikanyaho hasil tina kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun modél *Cooperative Script* sarta pikeun ngajawab masalah-masalah nu karandapan salila panalungtikan.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh awal jeung data hasil kamampuh ahir.

- 1) Niténan jeung nandaan unsur-unsur dina aspék kabahasaan jeung struktur karangan pangalaman pribadi siswa anu geus dikumpulkeun.
- 2) Mariksa jeung meunteun tulisan pangalaman pribadi siswa hasil saméméh jeung sabada dumasar kana kriteria di handap.

Tabél 3.1
Kritéria Meunteun Nulis Pangalaman Pribadi

No	Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
1	Eusi	27-30	Hadé Pisan: sampurna, hartina mham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina/rélevan luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar.

Yuni Saparina, 2019
MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

No	Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
		22-26	Cukup-Hadé: maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar tapi kurang lengkep
		17-21	Sedang-Cukup: pamahamanna kurang, kurang bisa mekarkeun kecap koncina pasualan anu dipedarna heureut
		13-16	Kurang Hadé: teu maham kana eusi, teu bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta teu cukup pikeun diajén
2	Organisasi Karangan	18-20	Hadé Pisan: éksprési lancar, gagasan nu diungkapkeun jéntré, padet, susunan geus hadé, runtuyanna logis sarta kohésif
		14-17	Cukup-Hadé: éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi ide utamana bisa katingali, kawatesan bahan pangrojong, runtuyanana logis tapi teu lengkep
		10-13	Sedeng-Cukup: ékprési teu lancar, gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan sarta mekarkeun teu logis
		7-9	Kurang Hadé: henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , jeung teu cukup pikeun diajén.
3	Kosa Kecap	18-20	Hadé Pisan: jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecap nu merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap
		14-17	Cukup-Hadé: kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi teu ngaganggu
		10-13	Sedeng-Cukup: sedeng, kurang éféktif, kawatesan dina milih kekecapan sarta make kosa kecapna mindeng salah nepi ka ngabalukarkeun salah ma'na
		7-9	Kurang Hadé: teu éféktif, asal-asalan dina milih kekecapanna, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén.

No	Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
4	Adegan Basa	22-25	Hadé-Pisan: ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahanna dina maké jeung nyusun kalimah sarta kekecapanna
		18-21	Cukup-Hadé: konstruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahanna tata basa, jeung teu ngaleungitkeun ma'na
		11-17	Sedeng-Cukup: hésé dina maké jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'nana teu puguh (ngabingungkeun).
		7-9	Kurang Hadé: teu ngawasa kana aturan sintaksis, loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén
5	Mékanik (éjahan jeung diksi)	5	Hadé-Pisan: ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan, jeung tulisan kabaca tur rapih
		4	Cukup-Hadé: kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na, tulisan kabaca rada rapih
		3	Sedeng-Cukup: kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, jeung ma'nana teu puguh, jeung tulisan rada kabaca tapi teu rapih
		2	Kurang Hadé: henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, jeung tulisanna hésé dibaca, jeung teu rapih teu cukup pikeun diajén

Nurutkeun Harfield jeung Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010, kc. 183)

Tabél 3.2
Skala Peunteun Nulis Pangalaman Pribadi

Skala	Katégori
76-100	Hadé-Pisan
51-75	Cukup-Hadé
26-50	Sedeng-Cukup
1-25	Kurang-Hadé

3) Méré peunteun kamampuh nulis pangalaman pribadi, kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum skor\ siswa}{\sum skor\ maksimal} \times 100\%$$

Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan :

P : peunteun
 Σ skor siswa : jumlah peunteun siswa
 Σ skor maksimal : jumlah peunteun maksimal

- 4) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap. Peunteun saméméh ngagunakeun modél *cooperative script* jeung sabada ngagunakeun modél *cooperative script*.

Tabél 3.3
 Format Peunteun Nulis Pangalaman Pribadi

No Absen Siswa	Aspék nu dipeunteun					P	Kategori
	A	B	C	D	E		
Σ							
\bar{x}							

Keterangan:

A = eusi
 B = organisasi tulisan
 C = kosa kecap
 D = adegan basa
 E = Mékanik (éjahan jeung diksi)
 P = Peunteun
 Σ = jumlah peunteun
 \bar{x} = rata-rata

3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun sipat data miboga distribusi anu normal atawa henteuna (Sudjana, 2005, kc. 250). Kitu deui nurutkeun Sujarweni (2007, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Yuni Saparina, 2019

MODÉL COOPERATIVE SCRIPT PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

H_0 : distribusi data teu normal

H_1 : distribusi data normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 5% (Sig = > 0,05). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

- 1) H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.
- 2) H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal.

3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupama data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistika parametris kalawan ngagunakeun *t-test*.

Ari saupamana data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistika non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kriteria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Cooperative Script*.

H_1 (Hipotésis alternatif) = Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabasa ngagunakeun Modél *Cooperative Script*.

Kriteria:

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak, upama nilai signifikan (sig) ≥ 0.05

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak, upama nilai signifikansi (sig) < 0.05